


# QARAQALPAQSTAN TOPONIMLERINIŃ QOYÍLÍW SEBEPLERI

**Qurbanov Muxtar**
Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq til kafedrası oqıtıwshısı, filologiya ilimleriniń kandidatı, docent
**Ótegenova Miyassar**
Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı 4-kurs studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.14132778

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 05- Noyabr 2024 yil
Ma'qullandi: 10- Noyabr 2024 yil
Nashr qilindi: 13- Noyabr 2024 yil

**KEY WORDS**
*Onomastikanıń toponimika tarawı jer-suw hám basqa da geografiyalıq obyektler atamalarınıń mánisin, tariyxıy shıǵısın, qoyılıw sebeplerin, qurılısın hám basqa da tárеplerin arnawlı túrde úyrenedi. Toponim grekshe topos – "orın", "jay" hám onoma – "at", "atama" degen sózlerden jasalǵan.*

**ABSTRACT**
*Til xalıqtıń biybaha ruwxıy baylıǵı bolıp, ol milletti millet sıpatında tanıtatuǵın ayrıqsha belgilerdiń biri esaplanadı. Til birlikleriniń ishinde onomastikalıq materiallar (adam atları, jer-suw, orınlardıń atamaları) óziniń tariyxıylıǵı, ózgerislerge kem ushırawı, tillik elementlerdi ózinde jaqsı saqlawı, uzaq dáwirlerge shekem qollanılıwı menen ajıralıp turadı. Menshikli atamalardıń til birlikleri arasındaǵı tutqan ornınıń áhmiyetli ekenligi sociolingvistikalıq, pragmalingvistikalıq, angropocentrik hám lingvokulturologiyalıq aspektlerde izertlew principleriniń jetilistirilip, olardı til, millet hám mádeniyat birligi menen baylanıslı jańasha kózqarasta izertlewdi talap etti.*

Til xalıqtıń biybaha ruwxıy baylıǵı bolıp, ol milletti millet sıpatında tanıtatuǵın ayrıqsha belgilerdiń biri esaplanadı. Til birlikleriniń ishinde onomastikalıq materiallar (adam atları, jer-suw, orınlardıń atamaları) óziniń tariyxıylıǵı, ózgerislerge kem ushırawı, tillik elementlerdi ózinde jaqsı saqlawı, uzaq dáwirlerge shekem qollanılıwı menen ajıralıp turadı. Menshikli atamalardıń til birlikleri arasındaǵı tutqan ornınıń áhmiyetli ekenligi sociolingvistikalıq, pragmalingvistikalıq, angropocentrik hám lingvokulturologiyalıq aspektlerde izertlew principleriniń jetilistirilip, olardı til, millet hám mádeniyat birligi menen baylanıslı jańasha kózqarasta izertlewdi talap etti.

Onomastikanıń toponimika tarawı jer-suw hám basqa da geografiyalıq obyektler atamalarınıń mánisin, tariyxıy shıǵısın, qoyılıw sebeplerin, qurılısın hám basqa da tárеplerin arnawlı túrde úyrenedi. Toponim grekshe *topos* – "orın", "jay" hám *onoma* – "at", "atama" degen sózlerden jasalǵan.

Toponimler de til qubılısı bolıp, olar jámiyette adamlardıń bir-biri menen qatnas jasawında belgili dárejede orın tutadı. Al, hár bir aymaqtaǵı toponimlerdi toplaw, olarǵa lingvistikalıq tallaw jasaw házirgi til ilimi, onıń bir qatar tarawları ushın áhmiyetli esaplanadı. Sol ushın da Qaraqalpaqstan toponimlerin toplaw, olarǵa tillik kózqarastan tallaw jasaw búgingi til biliminiń ayırım tarawların, atap aytqanda, leksikologiya, dialektologiya, toponimika ushın tiykarǵı dereklerden biri boladı.

Hesh bir tilde mánissiz atama bolmaydı. Hár bir jer-suw ataması óz mánis-mazmunına, tariyxına iye. Olar belgili bir sebeplerge baylanıslı payda boladı. Sonlıqtan, toponimlerdi úyreniw arqalı xalıqtıń ótmishi hám tariyxı, jasaw ornı, ol jerdiń tábiyatı, relyefi, ruwxıy-mádeniy turmısı, kásibi, ósimlik hám haywanatlar dúńyası hám t.b. haqqında mağlıwmatlar alıw múmkinshiligi payda boladı. Demek, toponim xalıq dóretpesi, ol xalıqtıń ótmishi hám búgini menen tığız baylanıslı.

Sońğı jılları bir qatar izertlewshiler tárepinen geografiyalıq atamalardı hár tárepleme úyreniwge ayrıqsha kewil awdarılmaqta. Óytkeni, geografiyalıq atamalar sol jerde jasaytuğın xalıq tiliniń tariyxın úyreniwde, aymaqtıń tábiyğıy geografiyalıq ózgesheliklerin, tábiyatın biliwde áhmiyetli orın tutadı.

Toponimler uzaq dáwirlerden berli bar bolıp, olardıń ayırımları xalıqtıń turmısında júz berip atırğan waqıya hám qubılıslardıń atamaları yağnıy esteligi sıpatanda saqlanıp qalıwı múmkin. Bizge belgili toponimlerdiń payda bolıwı hám ózgeriwi xalıq turmısı hám onıń tariyxı, aymaqtıń tábiyğıy ózgeshelikleri menen baylanıslı. Qaraqalpaqstandağı kóplegen toponimler qaraqalpaq, ózbek, qazaq, túrkmen xalıqlarınıń urıw-taypa hám millet atamaları menen baylanıslı payda bolğan. Bunıń ózi sol urıw-taypanıń yamasa millettiń qaysı jerde qonıslasqan, qaysı jerlerdi mákan etkenliginen dárek beredi. Al kópshilik toponimler tariyxıy waqıyalar, tariyxıy shaxslardıń atları menen, jáne bir toparı xalıqtıń kásibi, óneri hám t.b. baylanıslı dóregen. Bunnan mınaday juwmaq shığarıwğa boladı, egerde toponimler tildegi mánili sózlerden payda bolğan bolsa, bul olardı leksika-semantikalıq jaqtan toparlarğa bólip izertlew múmkinshiligin beredi. Biz tárepimizden toponimler de bul aytqan pikirimizdi tolıq tastıyıqlaydı. Máselen, etnikalıq belgiler tiykarındağı toponimler toponimikada etnotoponimler dep ataladı. Olarğa mınalardı kiritiwge boladı: *Ayteke awıl, Ayteke jap, Anna awıl, Aralbay awıl, Aranshı awıl, Ashamaylı awıl, Beksıyıq awıl, Boqlıqtay awıl, Jamansha oy, Qazaqawıl, Qazaq jaylaw, Qazaqoy, Qazayaqlı jap, Qańlı awıl, Qarasıyraqjap, Keneges awıl, Kenegeskól, Qılqalı awıl, Qılqalıjap, Qıpshaqawıl, Maylıbaltajap, Mamıqshı awıl, Oymawıtkól, Saltırawıl, Sańmurınawıl, Xojakól* (Kegeyli rayonı) hám t.b.

Adam atlarına baylanıslı geografiyalıq atamalar antrotoponimlep dep ataladı. Ataqlı toponimist V.A.Nikonov antroponimlerdiń jer-suw atamalarına aylanıwı keń tarqalğan lingvistikalıq qubılıs ekenin ayta kelip, bunıń dáslepki kórinisi feodalizm dáwirinde jerge iyeliktiń kúsheyiwi menen baylanıslı dep kórsetken [3, 30]. Qaraqalpaqstan toponimleri quramında adam atlarınan kelip shıqqan geografiyalıq atamalar kópshilikti quraydı: *Baltabayjap, Elbayjap, Erjanoy, Esboljarğan, Qállijağıs, Quwanıshjarma, Sağınbayjap, Seydanoy, Tólebayoy, Tilemis kólem* (Kegeyli rayonı), *Arzımbetqum, Mamıtoy* (Qanlıkól, awıl), *Nurımtúbek, Seytekjap* (Qaraózek *rayonı*, elatlı orın) hám t.b.

Hár bir aymaqtıń relyeflik ózgesheligine qaray ósimlikler hám haywanatlar dúnyası bar hám olar sol jerdiń tábiyatın kórsetedi. Ósimlik (fitotoponim) hám haywanat (zootoponim) álemi menen baylanıslı payda bolğan toponimlerge mına atamalar kiredi: *Arpakól, Bestorańğıl, Geshir awıl, Júzimbağ, Shiginjer, Shoqtorańğıl, Aydarha oy, Ayğır soyğan kólem, Birqazankól, Qoyanqashqanjer, Shımshıqoy* (Kegeyli rayonı), *Kendirli awılı, Pishenkól awılı, Qaraağash awılı* (Taxtakópir *rayonı*) hám t.b. Qazaq tilindegi atamalardı úyrengen T.Januzaqov: «Zoonimler tildiń hár dáwiri boyınsha bay material beredi. Olardıń quramınan góne grammatikalıq formalar, sırttan kirgen, tariyxıy, dialektlik sózlerdi ushıratıwğa boladı» - dep aytıp ótken edi [1, 60]. Tawlı Altay úlkesi jer-suw atamaların izertlegen O.T.Malchanovanıń kórsetiwinshe,

zoonimlerdiń oykonimge aylanıwı ań, qus, jánlik atları tuwra mánisi arqalı oykonimge ótip atamalar jasaytuǵınının (máselen, *túlki - Túlki*), úy haywanlarınıń atı bolsa, tek awıspalı mánide ǵana oykonimge aylanatuǵının aytadı [2, 112].

Kásip-ónerge baylanıslı payda bolǵan toponimler kópshilik aymaqlarda ushırasadı. Sebebi, xalıqtıń sociallıq turmısı (kásibi, óneri t.b.) toponimlerdiń payda bolıwına belgili dárejede tásir etedi. Bul túrge tán atamalar Qaraqalpaqstan toponimiyasında da ushırasadı. Mısalı, *Ańshıjer, Baǵshıjer, Baqsınıń toǵayı, Obkom karta* (Kegeyli rayonı), *Túyekesh awıl* (Xojeli rayonı), *Hákim karta* (Shomanay rayonı), Arbashı awıl, Baǵman awıl, Bajban awıl, Kónshi awıl, Salıkesh awıl, Suwshı, Usta awıl, Úyshi awıl, Sharwa awıl, Sharwashılıq posyolkası, Tarıshılar koshesi t.b.

Geomorfologiyalıq toponimler arqalı atalǵan geografiyalıq obyekttiń gemorfologiyalıq ózgesheligin, túr-túsin, san-muǵdarın, sapasın biliw múmkin. Sol ushın bunday toponimlerdi bir neshe toparlarǵa bólip úyrenemiz.

1. Obyekttiń túr-túsin bildiretuǵın toponimler: Bunday toponimler rayon aymaǵında az muǵdarda ushırasadı. Máselen, *Aqjap kanalı, Aq jarqum, Aqqala, Aqqum, Aqtuba, Bozataw, Bozawıl, Bozjap, Bozjer, Bozkól, Bozsuw, Kókózek, Kóljap, Qaraoykól, Tazajarǵan*(Kegeyli rayonı)*;*

2. Obyekttiń muǵdarın bildiretuǵın toponimler: *Besinshi awıl, Besquyı, Bessaǵa, Bestorańǵıl, Jetinshi awıl, Qosjar, Qosqala, Qırıqbes jer salma, Qırıqjap, Toǵızúy, Úsh múyesh jer, Úshtam* (Kegeyli rayonı)*;*

3. Obyekttiń kórinisin, belgisin bildiretuǵın toponimler: *Aytaqır, Erkindárya, Qaqırajer, Qumlıq, Qumshúńgil, Dóńgelekshúńgil, Jalpaqjap, Jambasjap, Kiyeli kebirlik, Qoyanqashqanjer, Qumózek, Qıysıqkanal, Porlıtaw, Sırlıjap, Sasıqkól, Taqırkól, Tarlıózek, Tasquyı, Tentekjap, Ullıkól, Shıǵanaqjap* (Kegeyli rayonı).

Qarqalpaqstan toponimler arasında basqa tiptegi atamalar (gidronimler, oronimler, basqa da toponimler) da ushırasadı. Aymaqtaǵı bir qatar awıl hám elatlı orınlardıń atalıwında usınday halattı kóriwge boladı. Mısalı, *Erkindárya* (Kegeyli rayonı), *Kókdárya* (Qońırat rayonı), *Esimózek* (Qaraózek rayonı), *Kindikózek* (Qanlıkól rayonı), *Qamısarıq, Qızılózek* (Shımbay rayonı), *Maylıózek* (Shomanay rayonı) t.b. Sonday-aq, geyde awıl hám elatlı orınlarǵa úlken qala, mámleketlerdiń atları da beriledi. Olardı da usı toparǵa kiritsek boladı. Mısalı, *Ózbekstan* (Taxtakópir rayonı), *Tashkent* (Shomanay rayonı), *Xorezm* (Qońırat rayonı) t.b.

Sońǵı izertlewlerde bunday toponimlerdi «toponimlerdiń kóshiwi» yamasa «birlemshi hám ekilemshi» atlar dep te ataladı.

Demek kópshilik atamalar xalıq turmısı, onın kásibi, kún kórisi, aymaqtıń fizikalıq-tábiyǵıy ózgeshelikleri menen baylanıslı payda bolǵan. Jer-suw atamalarınıń mánilik ózgesheliklerin úyreniw arqalı xalıqtıń turmısın, kásibin, tariyxın, aymaqtıń tábiyǵıy geografiyalıq ózgesheliklerin, tábiyatın biliw múmkinshiligin beredi.

Orın atamalarınıń payda bolıwı hám de uzaq waqıt dawamında ózgermesten qollanıp keliwiniń ózine tán shártleri bar. Bunday shártlerdiń tiykarǵısı, hár qanday obyektke atama beriwde onıń geografiyalıq ózgeshelikleri itibarǵa alınadı. Bunday ózgeshelikler qatarına obyekttiń geografiyalıq jaylasıw ornı, relyefi, ıqlımı, suwları, topıraq qatlamı, ósimlik hám haywanat dúnyası kiredi. Bul kórsetilgenler obyekttiń siyasiy-tariyxıy tásirge az ushıraydı. Sol sebepli de obyektke atama beriwde geografiyalıq ózgesheligi hám principlerine súyengen halda atama beriw onıń uzaq waqıt ózgermewine alıp keledi. Búgingi kúnde bul nızamlılıq

hám principlerdi puqta ózlestiriw awıl, máhálle hám kóshelerge atama beriw hám olardı qayta atawda áhmiyetli esaplanadı.

Aldağı waqıtları Qaraqalpaqstan toponimlerintoplaw, olardı til, tariyx hám geografiyalıq aspektte izertlep úyreniw búgingi qaraqalpaq toponimikasınıń aldında turǵan wazıypalardan esaplanadı. Al, biz bul máseleni maqala sheńberinde ǵana izertlep úyrendik.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Джанузаков Т. Очерки казахской ономастики. – Алма-Ата: Наука, 1982.
2. Молчанова О.Т. Структурные типы тюркских топонимов Горного Алтая. - Саратов: Саратовского университета, 1982.
3. Никонов В. А. Введение в топонимику. М.: Наука, 1965.

INNOVATIVE ACADEMY